



IGISATA CA VERMONT KIJEJWE AMAGARA Y'ABANTU

**Imigambi y'amagara y'abantu
Agatabo kigisha ingene ibintu bikoreshwa**



GreenMountainCare
A HEALTHIER STATE OF LIVING

Attention! If you need help in your language, please call 1-800-250-8427

انتباه! إذا كنت بحاجة إلى مساعدة بلغتك ، فيرجى الاتصال
على **1-800-250-8427**

သတိပြုရန်! မိတ်ဆွေသည် သင့်ဘာသာစကားဖြင့် အကူအညီ လိုပါက၊
ကျေးဇူးပြုပြီး 1-800-250-8427 ကိုခေါ်ပါ။

Pažnja! Ako vam je potrebna pomoć na vašem jeziku, pozovite **1-800-250-8427**

توجه! اگر شما نیاز به کمک در زبان خود، لطفا با شماره تلفن 1-800-250-8427-1

Attention! Si vous avez besoin d'assistance dans votre langue, appelez le **1-800-250-8427**

Nurabe maso! Niba ukeneye ubufasha mu rurimi rwawe, wahamagara kuri **1-800-250-8427**

ध्यान! यदि तपाईंलाई आफ्नो भाषामा मद्दत चाहिन्छ भने, कृपया **1-800-250-8427** मा कल गर्नुहोस्

پاملرنه! که تاسو په خپله ژبه کې مرستې ته اړتیا لرئ،
مهرباني وکړئ **1-800-250-8427** ته زنگ ووهئ

Ogow! Haddii aad u baahan tahay in lagugu caawiyo luqaddada, fadlan wac **1-800-250-8427**

¡Atención! Si necesita ayuda en su idioma, por favor llame al **1-800-250-8427**

Muhimu! Kama wahitaji usaidizi kwa lugha yako, tafadhali piga simu **1-800-250-8427**

Uvaha! Yakshcho vam potribna dopomoha vashoyu movoyu, telefonuyte za nomerom **1-800-250-8427**



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca
Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Ibirimwo

Muragabe! Ukaba ukeneye ubufasha mu rurimi rwawe, urasabwe guhamagara 1-800-250-8427	2
Ibirimwo	3
Kaze mu mugambi wa Green Mountain Care	5
Amazina y'umugambi	5
Ikarata yawe ya Green Mountain Care Card	6
Ubuvuzi n'aho kurungikwa kuvurirwa	6
Umuvuzi w'ibanze (PCP)	6
Ubuvuzi bw'inyuma y'amasaha y'akazi	6
Abahinga	6
Nimba umuganga wawe atemera Green Mountain Care	6
Igenzura rya buri gihe	7
Medicaid na Dr. Dynasaur	7
Umugambi wawe uriha iki (Serivisi ushobora kuronka)	7
Ubwishingizi bwa Medicaid	8
Amahera y'ubwishingizi	8
EPSDT	9
Ivyo umugambi wawe utariha	10
Kuronka serivisi zirihwa na Medicaid n'imigambi ya Dr. Imigambi ya Dynasaur	10
Ibikuwemwo	10
Kubanza kwemezwa	10
Ibikoresho vyo kwa muganga biramba (DME)	11
Imiti no kubanza kwemezwa	12
Uburyo bwo kwiunguruza bwo kwa muganga butihuta	12
Ivyihutirwa	12
Ryari utegerezwa kuriha	13
Mu gihe uronse fagitire	14
Mu gihe ufise ubundi bwishingizi	14
Uburenganzira bwawe hamwe n'ivyo utegerezwa	14
Urafise uburenganzira bwo	14
Ubusuma, kwonona, no gukoresha nabi - kwiba canke gukoresha amanyanga kugirango aronke amafaranga ya Medicaid?	15



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca
Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Urwandiko rwo kuraga hamwe n'intumbero zitangiye	15
Gutanga ibihimba c'umubiri	16
Guhahana amakuru n'umuvuzi w'ibanze (PCP)	16
Urwandiko rwo kumenyesha ibikorwa vy'ibanga	16
Kugenzura ubuzuranenge	17
Mu gihe utemeye ingingo twafashe	17
Ibirego	22
Urakeneye ubufasha?	22
Ikigo co gufasha abanywanyi ca Vermont Health Connect, Green Mountain Care	22
Ibiri bijewe guharanira kuvuzwa(HCA)	22
Ayandi makuru	23
Iyindi migambi	23
Serivisi z'abantu bakuze zo ku murango	23
Umugambi wa serivisi z'abafasha	23
Serivisi zerekeye abana (CIS)	23
Serivisi zerekeye abana - Gutabara hakiri kare (CIS-EI)	23
Serivisi yihariye yo kwitaho abana	24
Amavuriro y'abana bafise ibibazo bidasanzwe vy'amagara (CSHN)	24
Guhitamwo kwitabwaho	24
Serivisi zerekeye abantu bafise ubumuga bwo mu mutwe	24
Umugambi wo gutanga imfashanyo z'amamafaranga	25
Gufasha umuryango mu buryo bworoshe	25
Kuvura mu buhinga buhanitse	25
Serivisi zo muhira	25
Amavuriro adasanzwe	25
Serivisi zidasanzwe	25
Umugambi wa Vermont wo kwumviriza no gutabara hakiri kare	26
Amagara yo mu mutwe	26
Serivisi z'abarwayi bakuze bivuza bataha	26
Serivisi z'abana, imiyabaga, n'umuryango	26
Kunagura no kuvura abanyagihugu	26
Serivisi zihutirwa	26
Umugambi w'isinzikara ryo mu bwonko	27
Umugambi werekeye abagore, inzoya n'abana (WIC)	27

Gitugutu 2024



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Kaze mu mugambi Green Mountain Care

Igice ca mbere ca kano gatabo kigisha ingene ibintu bikorwa kirakubwira ibintu vyerekeye imigambi yose ya Green Mountain Care.

Urafise ibibazo? Hamagara ikigo co gufasha abanywanyi ca Vermont Health Connect na Green Mountain Care kuri **1-800-250-8427**. Hamagara kuva kuwa mbere gushika kuwa gatanu, guhera isaha 2:00 zo mu gitondo gushika isaha 10:30 zo ku mugoroba. (iba yugaye ku minsi y'akaruhuko). Iyi numero iri kandi inyuma kw'ikarata yawe ya Green Mountain Care.

Nimba wifuza guhagarika ubwishingizi bwa Green Mountain, hamagara **1-800-250-8427**. **CANKE** urungike ikete kuri:

DCF/Igisata kijejwe ama serivisi y'ubutunzi
ADPC
103 South Main Street
Waterbury, VT 05671-1500

Abashinzwe kuvura muri Green Mountain Care bategerezwa kuguha serivisi nziza z'ubuvuzi ukeneye. Abaganga ntibashobora kwanka, canke kugabanya serivisi zikenewe mu buvuzi. Abavura muri Green Mountain bategerezwa gukurikiza amategeko ya Leta yerekeye kudakumirana. Ivyo bisigura ko utozafatwa ukundi kuntu kubera uwo uriwe.

Amazina y'umugambi

Medicaid ni ubuvuzi bwitaho abana, abavyeyi, abarezi, n'abantu bakuze. Medicaid irimwo kandi abantu bagendana ubumuga bakwije intumbero y'umugambi. Iraba kandi abantu bakuze badafise abana bakwije amategeko amwe amwe. Abantu bamwe bamwe barashobora kuronka ubuvuzi bwa Medicaid bw'igihe kirekire. Bategerezwa kubahiriza amategeko y'ubuvuzi y'igisata kijejwe ubumuga, ubusaza, n'ubwigenge mu kubaho. Bategerezwa kandi kubahiriza amategeko yerekeye amafaranga binjiza n'amatungo.

Dr. Dynasaur ni ubwishingizi bwo ku buntu canke buzimbutse bwa Medicaid ku bana, imiyabaga batarenza imyaka 19, n'abagore bibungenze.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Ikarata yawe ya Green Mountain Care

Ikarata karangamuntu yawe izorungikwa muhira iwawe. Urasabwe kuyerekana mu gihe ugiye kwivuzi.

Nimba ata karata karangamuntu nshasha waronse mu gihe c'ukwezi kumwe kuva uronse kano gatabo kigisha ingene ibintu bikorehwa **CANKE** warataye ikarata yawe? Hamagara kuri **1-800-250-8427** maze usabe iyindi. Urafise ubundi bwishingizi bw'amagara?

Utegerezwa kwereka uwuguha serivisi yo kwivuzi amakarata karangamuntu yompi y'ubwishingizi.

Ubuwuzi n'aho kurungikwa kuvurirwa

Umuganga wawe canke umuvuzi w'ibanze (PCP)

W'ibanze bisigura wa mbere. Umuganga wawe w'ibanze niwe uhamagara ubwa mbere mu gihe ukeneye ubuvuzi. Muri kano gatabo, tuzomwita **muganga** wawe. Bazoguha vyinshi ku magara yawe. Muganga azokorana nawe kugirango uronke umuhinga mu gihe ubikeneye. Umuhinga ni umuntu atanga ubwoko bumwe gusa bw'ubuvuzi. Uburoro: umuganga w'umutima, umuganga w'amafyigo.

Umuganga wawe yoba ari mushasha kuri wewe? Baza umuganga wawe wa kera arungike inyandiko zawe kwa muganga mushasha. Hamagara umuganga wawe mushasha umubwire ko inyandiko ziriko ziraza. Birahambaye ko umuganga wawe agira inyandiko zawe.

Ubuwuzi bw'inyuma y'amasaha y'akazi

Gerageza kubonana na muganga wawe ku bibazo vy'amagara mu masaha y'akazi. Hamwe woba urwaye koko canke uriko urababara mu gihe ibiro vy'umuganga vyugaye, hamagara ku biro vyo kwa muganga hanyuma usabe ico bogufasha canke impanuro.

Iburo vyo kwa muganga vyitaba terefone amasaha 24 ku munsu, iminsi 7 mu ndwi. Raba **ivyihutirwa** ku rupapuro rwa 12 ku yandi makuru.

Abahinga

Umuhinga ni umuntu afise inyigisho z'inyongera. Bakorera ku bibazo bimwe bimwe vy'ubuvuzi. Akarorero: Ku bibazo vy'umutima, ukeneye umuhinga w'umutima. Muganga wawe azogufasha kuronka isango. Ibi vyitwa **kwimura umurwayi**. Kenshi na kenshi, utegerezwa kubanza kubonana n'umuganga wawe imbere yo kuja ku muhinga. Umuganga wawe arashobora kugufasha mu gihe woba ukeneye umuhinga. Barashobora kugufasha kwihitiramwo uwo mubonana. Mu gihe ukeneye kubonana n'umuhinga atemera Medicaid, utegerezwa kubanza kurungikwa n'umuganga wawe. Utabikoze uko, urashobora kuriha uwo mubonano.

Nimba umuganga wawe atemera Green Mountain Care

Urabona umuganga atemera Green Mountain Care? Urashobora kubandanya ubonana nabo mu kiringo c'iminsi 60 inyuma yo kwinjira mu mugambi. Ibi bishobora gushika gusa **MU GIHE**:

- Ufise indwara ibangamiye ubuzima bwawe **canke**
- Ufise indwara iguma igusinzikaza canke igutera ubumuga **canke**
- Umaze amezi arenga 3 wibungenze **kandi**
- Umuganga akaba yemera ko umugambi uriha kandi akemera no gukurikiza amategeko y'umugambi.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca
Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Urakeneye kubandanya ubonana na muganga wawe mu kiringo c'iminshi 60? Urakeneye kumenya vyinshi ku vyerekeye kwimura umurwayi? **Hamagara** abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**.

Urakeneye kumenya abaganga bemera Green Mountain Care? Koresha ubuhinga ngurukanabumenyi [Provider Look-up tool](#). Abaganga bari ku rutonde nka **out of network** bashobora kuba batemera ubwishingizi bwa Green Mountain Care.

Umuganga wese mubonana ategerezwa kuba yemera Green Mountain Care. Batayemera, Green Mountain Care **ntizobariha**. Uzoca utegerezwa kuriha ivyo bagukoreye. Urafise ubundi bwishingizi bw'amagara bushobora kuriha igiciro cose canke igice? Aho rero umuganga wawe ategerezwa kwemera Green Mountain care hamwe n'ubundi bwishingizi bw'amagara.

Mu gihe ukeneye kwivuza hanze y'urunani rwa Vermont Medicaid

Turafise igitigiri kinini cane c'inani z'abatanga serivisi harimwo ubwoko bw'inshi bw'abahinga. Urunani rwacu rwashizweho kugirango rukemure ibintu vyinshi bikenewe mu buvuzi. Mu bihe bimwe bimwe bishika gake, uru runani ntirushobora kuvura ibibazo bihambaye vy'amagara. Nimba wibaza ko ukeneye ubuvuzi bwihariye udashobora kuronka ku batanga Vermont Medicaid, hamagara PCP wawe kugirango muganire ku vyo ukeneye. PCP wawe arashobora kugusabira uruhusha rwo kuronka uwuguha serivisi atari mu runani rwacu nimba:

- Ubuvuzi ukeneye bukenewe kandi burarirwa na Vermont Medicaid
- Uwutanga serivisi wifuza kubona aremera gukurikiza ivyo tumusaba
- Turashoboye kumenya ko ubuvuzi ukeneye butaboneka mu runani rwacu.

Ntuzorihishwa ibirenze kuri serivisi waronkeye hanze y'urunani. Birakenewe kwemererwa ku buvuzi uronkeye hanze y'urunani.

Igenzura rya buri gihe

Buri gihe ni vyiza guhagarika ibibazo vy'amagara imbere y'uko bitangura. Kwisuzumisha buri gihe birafasha. Saba umuganga wawe kugira wawe wisuzumisha. Baza umuganga wawe ibipimo vy'amagara ukeneye ku myaka yawe n'amagara.

Medicaid na Dr. Dinosaur

Ni serivisi izaha ushobora kuronka?

Urashobora kubonana n'umuganga hamwe n'umuhinga, kuvurirwa mu bitaro, kuronka imiti, n'ibindi bikorwa vyinshi. Hariho amategeko amwe amwe yerekeye ubwoko n'amahera ushobora kuronka. Banza ubonane n'umuganga wawe imbere yo gutegura amasango yo kubonana n'umuhinga. Urakeneye serivisi? Umuganga wawe ategerezwa guhamagara uwutanga serivisi kugirango umenye neza ko serivisi uyirihirwa. Serivisi zirihwa:

- Kuvurwa utaryamitswe mu bitaro - vyitwa kwivuza utaha
- Serivisi zihutirwa



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

- Kubagwa no kurara mu bitaro
- Imbanyi, kuvyara, no kwitaho abana bavutse imbere n'inyuma yo kuvuka
- Serivisi z'amagara yo mu mutwe no gukoresha ibiyuramutwe, harimwo kuvura mu mutwe, impanuro hamwe no kwumviriza umurwayi
- Imiti yanditswe na muganga
- Serivisi n'ibikoresho vyo kunagura - gufasha abantu bakomeretse, bafise ubumuga, canke abantu bwarwaye indwara z'igihe kirekire zo kugarukana ubushobozi
- Serivisi zo mu gisata co gupima indwara
- Serivisi zo gukinga kugirango ugumane amagara meza hamwe na serivisi yo gukorera ku ndwara
- Serivisi za menyo, z'amaso hamwe no kwumva
- Serivisi z'umuganga w'abana no
- Kwiyunguruza = ingendo zidakenewe uja kwitaba amasango yo kwa muganga

Urafise ikibazo cerekeye serivisi itari muri runo rutonde? **Hamagara** abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**.

Kuriha ubwishingizi bwa Medicaid

- Abanywanyi ba Medicaid bariha \$3 buri gihe babonye n'umuganga w'amenyo.
- Abanywanyi ba Medicaid bariha \$1, \$2 canke \$3 ku miti yanditswe na muganga.
- Abanywanyi ba Medicaid bariha \$3 ku munsu mu bitaro ivyo arivyo vyose ku barwayi bivuzwa mu bitaro bataha.

Serivisi zimwe zimwe zo mu biro vy'abatanga serivisi hanze y'ibitaro ziguma ari serivisi zo mu bitaro zivura abarwayi bivuzwa bataha. Baza uwuguhaserivisi nimba serivisi izorihwa nk' "umurwayi yivuzwa ataha"

Nimba bimeze gutyo, amahera y'ubwishingizi azoba \$ 3.

Abana benshi, abantu bibungenze canke bamaze umwaka umwe bavyaye, hamwe n'abantu baba mu mazu y'abageze mu za bukuru **ntibariha** amahera y'ubwishingizi. Abantu muri mu mugambi yo kuvurwa kanseri yo mw'ibere no mu gitereko **ntibariha** amahera y'ubwishingizi.

Ntutegerezwa kuriha amafaranga y'ubwishingizi kuri:

- Serivisi zo kwikingira
- Serivisi zijanye no gutandukanya imvyaro hamwe n'ivyo bijana
- Serivisi zihutirwa
- Serivisi zijanye n'amabi afatiye ku gitsina

Kuriha amahera y'ubwishingizi

Abaganga bamwe bamwe. Dynasaur barashobora gukenera kuriha buri kwezi amafaranga y'ubwinshingizi. Igitigiri c'amahera arihwa kivana n'ayo umuryango winjiza, uko ungana, hamwe n'ubwishingizi bw'amagara. Mu gihe uronse fagitire yawe ya mbere, ca uyirihwa ubwo nyene kugirango ubwishingizi bwawe butangure. Guma uriha ku gihe kugirango ntutakaze ubwishingizi. Mu gihe fagitire yawe itakaye, hamagara abafasha abantu kuri **1-800-250-8427**. Barashobora kukubwira amahera utegerezwa kuriha n'uburyo bwo kuriha.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

EPSDT ni iki?

EPSDT ni Medicaid n'umuganga. Dynasaur ku bana hamwe n'abakiri bato bafise imyaka iri munsu ya 21. Ugerageza kugirango abana bagumane amagara meza uko bishoboka kwose.

EPSDT bisigura kwipimisha hakiri kare no kwivuzza kenshi. Itegerezwa:

- Kubona ingorane hakiri kare, itangura umwana akivuka
- Harimwo kubonana na muganga kugirango agusuzume ku mwanya wategekanijwe
- Gukoresha ibipimo vyo mw'isuzuma kugirango ingorane iyariyo yose iboneke
- Gukoresha ibipimo vyo gukurikirana mu gihe ingorane yabonetse hamwe no
- kuvura ingorane iyariyo yose y'amagara yibonekeje

Ingene EPSDT ikora

EPSDT ni amategeko ya Leta. Ivuga ko Leta **itegerezwa** kuriha serivisi zose z'ubuvuzi zikenewe ku magara y'umuntu. **Bikenewe mu buvuzi** bisigura ko vyerekeye ingorane y'amagara. **KANDI** bikaba arivyo abaganga benshi bakora kugirango bavure iyo ngorane. Iriha serivisi nyinshi kurusha izo Medicaid iriha ku bantu bakuze. Nta rugero ntarengwa ruhari ku bikenewe mu buvuzi. Serivisi zimwe zimwe zirasaba kubanza kwemezwa imbere yuko uzironka. Ibi vyitwa kubanza kwemezwa.

Ivyo EPSDT iriha

- Isuzuma rya buri gihe
- Igipimo c'ukuntu umwana canke umuyabaga akura akongera akiga
- Gucandagwa
- Kwipimisha amaso
- Kwipimisha amatwi
- Kwipimisha ubumara bwa plomb
- Kwivuzza amenyo
- Gutanga impanuro
- Kwiyunguruza

Ni kangaha umwana yisuzumisha?

Hariho urutonde rwo kwisuzumisha amagara abana n'urwaruka bategerezwa kuronka buri mwaka. Hariho kandi urutonde rwo kwisuzumisha amenyo. [Guma umenya amakuru y'ido n'ido ya EPSDT hamwe n'intumero.](#)

EPSDT ntiraha:

- Serivise canke ibintu bitari mu mategeko ya Medicaid (Igice ca 1905 (a) c'amategeko yo gutegekaniriza kazozo).
- Ubuvuzi bufatiye ku bushakashatsi butizewe canke budakora.
- Serivise canke ibintu bizimvye cane mu gihe ibizimbutse bishobora navyo nyene gukora neza.
- Serivisi zitari iz'ubuvuzi.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Ukeneye ayandi makuru, genda ku [rupapuro rw'amakuru y'abanywanyi ba Vermont Medicaid](#) canke uhamagare **1-800-250-8427**.

Ivyo umugambi wawe Utariha

- Ibikomere bijanye n'akazi vyategerezwa kurihwa n'indishi z'umukozi
- Amafaranga yategetswe na sentare kiretse mu gihe navyo nyene bikenewe mu buvuzi
- Serivisi zitigeze zigeragezwa imbere yaho canke zikigeragezwa
- Serivisi zo guhindura ingene usa (servisi zo guhindura umubiri)
- Serivisi zidakenewe mu buvuzi
- Ubuvuzi bukoresha inshinge, ubuvuzi bwo gukorakora ku mubiri, canke gukanda umubiri
- Serivisi zituma usama inda (ubuvuzi bwo gusama)
- Kuba umunywanyi w'umurwi w'amagara y'abantu hamwe no
- kwivuriza mu bihugu vyo hanze

Kuronka serivisi zirihwa muri Medicaid na Dr. Imigambi ya Dinosaur

Mu gihe serivisi itarihwa na Medicaid

Serivisi zose zikenewe mu buvuzi zirarihwa na EPSDT ku bantu bose bafise muni y'imyaka 21.

Bigenda gute mu gihe serivisi itarihwa na Medicaid ku bantu bakuze bafise imyaka 21 niyirenga? Urashobora kudasaba ko tukurihira iyo serivisi. Ibi vyitwa **ibitarimwo**. Abafasha abanywanyi barashobora kugufasha kubisaba. Wewe n'umuganga wawe uzotegerezwa kutubwira ibijanye na serivisi ukeneye n'igituma uyikeneye. Tuzokwishura ku buhinga ngurukanabumenyi mu kiringo c'iminsi igera kuri 30.

Urakeneye kumenya ibindi vyinshi ku vyerekeye ibitarimwo? **Hamagara** abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**. Impapuro ziri ku [rupapuro rw'amakuru y'abanywanyi yerekeye ingene ibitarimwo birihwa](#).

Kubanza kwemezwa

Serivisi zimwe zimwe n'imiti zirasaba kubanza kwemezwa imbere y'uko uzironka. Ibi vyitwa **kubanza kwemezwa**. Abaganga bawe barazi izo serivisi n'iyi miti. Bazogusabira ko bibanza kwemezwa.

Turonse amakuru yose dukeneye, ingingo yo kuvyemeza ifatwa mu minsi 3. Wewe hamwe n'umuganga wawe uzorokora ikete rikumenyeshya ingingo yafashwe. **Nt**ukeneye ko ibikorwa vyihutirwa bibanza kwemezwa.

Ibikoresho vyo kwa muganga biramba (DME)

Ibikoresho vyo kwa muganga biramba n'ibintu bifasha kugirango amagara yawe yoroherwe. Uburorero ni amakinga y'abafise ubumuga hamwe n'ibitanda vyo mu bitaro.

Ibikoresho vyo kwa muganga biramba ndabironka gute?

1. Umuganga wawe azokurungika ku muntu agupime.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca
Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

- Ibipimo bizokwerekana ubwoko bw'igikoresho ukeneye. Ibi vyitwa **isuzuma**. Kenshi na kenshi isuzuma rikorwa n'abashinzwe kuvura umubiri canke abavura ingene umubiri w'umuntu ukora. Bazotegura umwanya wo kubonana na wewe. Urashobora kurindira mu gihe ata mwanya bazoba bafise. Urashobora kandi kurindira mu gihe ukeneye kubanza kwipima kurico gikoresho.
- **Icitoronderwa:** Igikoresho ushaka coba gisanzwe? Umuganga wawe arashobora kuvuga ko udakeneye isuzuma. Bimeze uko rero, ca usimba intambwe ya 2.
- Bazoca barungikira urupapuro umuganga wawe. Ruzokwerekana ubwoko bw'igikoresho ukeneye.

2. Umuganga wawe azokwandika urwandiko.

- Umuganga wawe azoshira umukono ku rupapuro rw'isuzuma hanyuma yandike urwandiko. Bazorungika urwandiko rwawe rw'ibikoresho vyo kwa muganga biramba mw'ishirahamwe rifise ivyo bikoresho.

3. Ishirahamwe ry'ibikoresho vyo kwa muganga biramba rizoca ribaza Medicaid ibanze kuvyemeza.

Mu gihe udakeneye ko bibanza kwemezwa, simbira ku ntambwe ya 5.

- Urakeneye ko bibanza kwemezwa? Ishirahamwe rya DME rizorungikira amakuru yawe Medicaid hamwe na DME ukeneye. **Kubanza kwemezwa** bisigura ko Medicaid ibanza kuvyemera imbere yuko uronka igikoresho.
- Umuntu ajejwe gusubiramwo azosuzuma amakuru yawe. Bazoca bafata ingingo nimba ukeneye igikoresho ku mvo z'ubuvuzi.
- Nimba uwo muntu usubiramwo akeneye ayandi amakuru menshi, Medicaid izosaba ishiramwe rya DME kuyarungika. Medicaid ifise iminsi 14 uherye wasaba ubwa mbere kugirango ice ifata ingingo.

4. Medicaid izokubwira ingingo bafashe

- Medicaid izokurungikira ikete, uwaguhaye serivisi, hamwe na DME. Ikete ryitwa kumenyesha ingingo. Muri Vermont, Igisata ca Vermont gishinzwe amagara y'abantu (DVHA) nico gitwara Medicaid. Amakete azova muri DVHA.

5. Ishirahamwe rya DME rizoca rikuronderera ico gikoresho

Medicaid ivyemeje, ishira hamwe DME rizoguha igikoresho cake rigitumeko.

Medicaid **Itavyemeje**, urashobora kwunguruza iyo ngingo. Mu kwunguruza, hamagara abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**. **Kwunguruza** basabe bongere bihweze ikibazo cawe. Medicaid irakora cane kugirango yemeze ivyo DME ya Vermont isaba ningoga. Ku makinga y'abafise ubumuga agoye, biratawara hafi iminsi 9. Ivyo birihuta kuruta ko amategeko ya Medicaid abivuga. Birihuta kandi kurusha mu yandi ma leta. menshi. Ku bikoresho bisanzwe, umwanya urihutishwa kurusha. Urafise Medicaid na Medicare canke uwundi mugambi w'ubwishingizi? Birashobora guteba rero.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca
Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Imiti no kubanza kwemezwa

Green Mountain Care irasaba abaganga kwandika imiti bafatiye ku rutonde rw'imiti yatoranijwe. Ibi bifasha kugabanya ibiciro. Imwe ni imiti rusangi igurwa make. Ikora co kimwe n'izina ry'ubwoko bw'imiti izimvye. Abaganga n'ububiko bw'imiti bategerezwa kuguha imiti izimutse izogufasha. Bigenda gute iyo uramutse wanka imiti isanzwe / rusangi ukaba ushaka izina ry'ubwoko bw'umuti? Urashobora kwirihira wewe nyene izina ry'ubwoko bw'umuti.

Imiti imwe imwe ushobora kuyihabwa gusa mu kiringo c'iminsi 90. Aho harimwo imiti y'umuvuduko urenze w'amaraso, cholesterol n'indwara y'igisukari. Mu mwanya wa mbere ugerageje umuti, urashobora kuronka ibintu bike. Ibi bituma wewe n'umuganga wawe muhitamwo nimba bikumereye neza. Inyuma yivyo, uzoza uraronka imiti y'iminsi 90.

Bigenda gute mu gihe umuganga wawe yibaza ko ukeneye izina ryubwoko bw'umuti? Canke akibaza ko udakeneye imiti y'iminsi 90? Barashobora kudusaba ko turiha iyo miti. Urakeneye ikopi y'urutonde rw'imiti wipfuza? **CANKE** urutonde rw'imiti isaba iminsi 90? Hamagara abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**. Canke urabe [urutonde rw'imiti wipfuza](#) ku buhinga bwa none.

Gutwara bitihuta ibintu vyo kwa muganga

Ingendo zo kubonana na muganga na serivisi bitihuta birashoboka kuri abo banywanyi ba Medicaid badafise uburyo bwo kwiyunguruza kandi bataba ahaca ibisi rusangi. Isango ritegerezwa gusabwa ku muntu atanga serivisi ari muri Medicaid, kandi igategerezwa kurihwa na Medicaid. Ingendo zo kuja gutwara abantu nazo nyene zirarihwa.

Uburorero bwo kwiyunguruza buhari harimwo imodoka yanditswe, ifise ubwishingizi; abo mu muryango wa hafi bafise imodoka; kwiyunguruza mu miduga y'amashirahamwe; hamwe no kwiyunguruza mu miduga yo gutwara abantu iboneka bitagoranye.

Ku bibazo na / canke gutegura urugendo, hamagara ishira hamwe ryo gutwara abantu i Vermont kuri **1-833-387-7200**.

Ku vyihuta

Ivyihuta ni ingwara iza giturumbuka kandi itari yitezwe, ubuvuzi, canke amagara yo mu mutwe, hamwe n'ibimenyetso wibaza ko bishobora guhungabanya amagara yawe canke ubuzima bwawe mu gihe utovurwa ubwo nyene. DVHA nta rugero ntarengwa ishira hamwe canke ngo ishingira ivyo wibaza ko vyihutirwa. Ubu ni bumwe mu burorero, ariko ivyihutirwa ntibigarukira kuri uru rutonde:

- Kubabara mu gikiriza
- Amagufa yavunitse
- Ibizunguzungu
- Kuva amaraso menshi
- Ubushe burenze
- Ububabare bwinshi



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

- ihungabana ry'amagara yo mu mutwe

DVHA ntizogabanya kuriha mu gihe urungitswe kurondera ubuvuzi bwihutirwa. Serivise zihutirwa na serivisi zo gusubiza ibintu mu buryo zirarihirwa abo zigenewe amasaha 24 kuri 24, iminsi indwi mu ndwi.

Serivise z'inyuma y'ivyihutirwa kugirango umenye neza ko amagara yawe ameze neza inyuma y'ivyihutirwa navyo nyene birarihwa.

Serivise z'ubuvuzi bwihutirwa nk'aho bashonye, kubagwa, guca mw'iradiyo, canke ubundi buryo, navyo nyene birarihwa.

Nimba ufise ivyihutirwa, hamagara kuri 911 canke ugende mu cumba cakira ivyihutirwa canke mu ibitaro kugirango uvurwe vyihuta. Ntukeneye kurungikwa na PCP kugirango uvurwe vyihutirwa. Menyesha PCP yawe ivyabaye ningoga mu gihe ubishoboye.

Nimba ukeneye ubufasha bwihutirwa mu gihe uriko uragenda hanze y'urunani rwa Green Mountain Care, hamagara kuri 911 canke ugende ubwo nyene ku kigo gitanga ubufasha bwihutirwa. Green Mountain Care izoriha ubuvuzi bwihutirwa. Tuzoriha kandi ubuvuzi busabwa kugirango amagara yawe asubire kumera neza inyuma y'ubuvuzi bwihutirwa.

Mugihe ubishoboye, hamagara ikigo gishinzwe gufasha abanywanyi kuri 1-800-250-8427 kugirango utubwire ivyerekeye ubuvuzi bwawe bwihutirwa. Utegerezwa kandi guhamagara iyi numero mu gihe uronse fagitire y'ubuvuzi. Tuzokorana n'uwaguhaye serivisi kugirango dukurikize amategeko asabwa kugirango tukurihire ubuvuzi.

Ryari utegerezwa kuriha

Mu gihe udakurikije amategeko y'umugambi, urashobora kuriha serivisi wewe nyene. Ibi birashobora gushika **NIMBA**:

- Ukeneye kurungikwa canke uruhusha rwo kubanza kwemezwa imbere yo kuronka serivisi kandi ntubironke; **CANKE**
- Ugiye kubonana n'uwutanga serivisi atemera Green Mountain Care; **CANKE**
- Uwuguha serivisi akubwiye ko serivisi itarihwa, kandi ukaruhira kuyironka.

Bwira uwuguha serivisi ko uri kuri Green Mountain Care. Bazokubwira nimba batazokwemera ubwishingizi bwawe.

Ntushaka kuronka fagitire yo kwivuza? Kurikiza amategeko y'umugambi wawe.

Mu gihe uronse fagitire

- Ugurura fagitire ubwo nyene,
- Hamagara uwutanga serivisi hanyuma urabe neza ko bazi ko uri kuri Green Mountain Care, kandi
- Uhamagare abafasha anywanyi kuri **1-800-250-8427** kugirango bagufashe.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serivise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

- **Nturihe fagitire imbere yo guhamagara abafasha abanywanyi.** Green Mountain Care niyo yonyene ishobora kuriha abatanga serivisi. Mu gihe urishe, ntidushobora kuyagushubiza.

Mu gihe ufise ubundi bwishingizi

Mu gihe ufise ubundi bwishingizi, kurikiza amategeko yabo. Genda ku baganga bari mu bwishingizi bwawe no mu migambi yacu. Umuganga wawe ategerezwa kubanza kuriha ubwishingizi bwawe. Imigambi yacu irashobora gufasha kuriha ivyo ubundi bwishingizi bwawe butariha.

Uburenganzira bwawe hamwe n'ivyo utegerezwa

Urafise uburenganzira bwo

- Gufatwa neza mu rupfasoni,
- Gufatwa neza mu kwengegwa,
- Guhitamwo kandi gihindura umuganga/ abaguha serivisi,
- Kurondera amakuru ajanye na serivisi zawe z'umugambi na muganga/abatanga serivisi,
- Kubwirwa ivyerekeye amagara yawe mu majambo ushobora gutahura,
- Guhitamwo ibijanye n'ukuvurwa kwawe, kwishurwa ku bibazo vyawe, no kwanka kwivuza,
- Gusaba kandi ukaronka ikopi y'inyandiko zawe z'ubuvuzi. Gushobora gusaba ivyohinduka mu gihe amakuru atariyo,
- Gusaba icyumviro kigira kabiri kivuye ku bandi baganga/abatanga serivisi banditswe muri Medicaid ya Vermont,
- Kuvuga ku vyerekeye umugambi wawe canke ibibazo vyawe vy'amagara (raba ku rupapuro rwa 20),
- Kudafatwa canke ngo utabwe wenyene kubera guterwa ubwoba, guhanwa, canke kubera ko vyoroshe,
- Gusaba kwunguruza mu gihe wankiwe serivisi wibaza ko wari ukeneye. Ku zindi nsiguro raba ku rupapuro rwa 19.

Bungabunga amagara yawe mu:

- Kubwira umuganga wawe ibimenyetso vy'indwara na kahise k'amagara yawe,
- Kubaza ibibazo mu gihe ukeneye kumenya vyinshi canke ku kintu udasobanukiwe,
- Gukurikiza indinganizo zo kukuvura wewe na muganga wawe mwumvikanyeko,
- Kwubahiriza amasango yawe canke mu guhamagara imbere y'igihe kugirango ubisivye mu gihe udashobora kuza,
- Kwiga amategeko agenga umugambi wawe kugirango ushobore gukoresha serivisi neza bishoboka,
- Kumenya neza ko ukeneye kurungikwa kwa muganga imbere yo kubonana n'abandi baganga,



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

- Kuriha amafaranga y'ubwishingizi hamwe n'amafaranga y'ubwishingizi umunywanyi yirihira nkuko bikenewe,
- Guhamagara kugirango uhagarike canke uhindure mu gihe udashobora kwitaba isango

Ubusuma, kwonona, no gukoresha nabi

Hoba hariho umuntu yoba yiba canke agakoresha amanyanga kugirango aronke amafaranga ya Medicaid?

Bibwire umurwi udasanze ujejewe amatohoza. Hano hariho ingene ushobora kubashikira:

- **Urubuga:** [Urupapuro rwo kumenyesha ubusuma, kwonona no gukoresha nabi](#)
- **Imeyiri:** ReportMedicaidFraud@vermont.gov
- **Terefone:** 802-241-9210
- **Fagisi:** 802-871-3090 (ubutumwa ku "DVHA umurwi udasanze ujejewe amatohoza")
- **Agasandugu ka posita:**
DVHA umurwi udasanze ujejewe amatohoza
NOB 1 South, 280 State Drive
Waterbury, VT 05671-1010

Urwandiko rwo kuraga hamwe n'intumbero zitangiye

Urwandiko rwo kuraga ni urwandiko rwanditse. Ruvuga ruti:

- Ninde ashobora kugufatira ingingo y'amagara mu gihe utabishoboye,
- Ni gute umuntu ashobora gufata ingingo,
- Ninde muganga wawe/uwukwitaho w'ibanze,
- Ni ubuhe buvuzi canke kuvurwa wipfuzi,
- Ingene ushaka ibibazo vyawe bitorerwa inyishu, nko guhambwa kwawe,
- Umuntu ushaka ko akubera umurinzi, mu gihe bikenewe,
- Umuntu **udashaka** ko agufatira ingingo,
- Ni gute wipfuzi kwitabwaho mu gihe woba uriko uracikana

Inzandiko zo kuraga nizo ku buntu. Zitwa kandi intumbero zitangiye canke uburenganzira bwo guserukira umuntu mu buvuzi. Zirashobora kwitwa urwandiko rw'ubuvuzi rw'iherezoy'ubuzima. Amategeko ya Vermont yerekeye inzandiko zo kuraga ni itegeko rya Vermont Advance Directive (Umutwe 18, Ikigabane ca 231).

Urashobora kuba urwaye cane ku buryo udashobora gufata ingingo yerekeye amagara. Nimba **atar** ibintu vyihutirwa, abaganga ntibashobora kukuvura ubwo nyene. Bategerezwa kubanza kumenya nimba ufise urwandiko rwo kuraga. Mu gihe urufise, bategerezwa kubahiriza amabwiriza ari mu rwandiko rwo kuraga. **CANKE** bakubahiriza amabwiriza y'umuntu wahisemwo ngo agufatire ingingo zerekeye amagara.

Umuganga arashobora kwanka gukurikiza amabwiriza ari mu rwandiko rwo kuraga? Ego, mu gihe imico yabo canke inyifato nziza ituma bibaza ko ari bibi. **ARIKO** bategerezwa:

- Kubwira wewe n'umuntu wavuze ko afata ingingo;



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

- Gufasha kwimurira ubuvuzi bwawe ku wundi muganga uzokwubahiriza amabwiriza;
- Kubandanya bakuvura gushika habonetse umuganga mushasha; no
- Gusigura mu nyandiko zawe zo kwa muganga:
 - ikibazo
 - intambwe zakozwe mu kugitorera inyishu n’
 - ingene ikibazo catorewe inyishu.

Umuvuzi wese ateregerezwa kubahiriza amategeko yerekeye urwandiko rwo kuraga. Bategerezwa kugira amategeko yabo kugirango bamenye neza ko amategeko n'amabwiriza vyubahirizwa.

Woba wibaza ko hariho umuntu adakurikiza amategeko? Hamagara mu gisata co gutanga impusha no gukinga kuri **1-800-564-1612. CANKE** ugende [ku murongo kugirango utange ikirego](#). **CANKE** urungike ikete kuri:

Gisata co gutanga impusha no gukinga
103 South Main Street, Ladd Hall
Waterbury, VT 05671

Woba ukeneye amakuru yerekeye amategeko ya Leta hamwe n’inzandiko zo kuraga? Hamagara ku murongo wa Vermont w’inyifato kuri **1-802-828-2909. CANKE** ugende ku [rubuga rwabo](#). Baranafise impapuro zo kwandika inzandiko zo kuraga.

[Umutwe wa 18](#) w’itegeko rya Vermont ryerekeye inzandiko zo kuraga. Urashaka kumenya ibindi? Vugana n’umuganga wawe canke uhamagare abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**.

Gutanga ibihimba vy’umubiri

Urashobora kuba wipfuzaga gutanga ibihimba vyawe vy’umubiri mu gihe upfuye. Umuntu umwe atanze ibihimba vy’umubiri arashobora gufasha abantu benshi. Kumenya ibindi, hamagara **1-888-275-4772** ku makuru yo ku buntu.

Guhanahana amakuru n’umuganga wawe/ PCP

Turashobora guha umuganga wawe urutonde ruriko izina ryawe. Ibi ni ugufasha umuganga wawe kuguha ubuvuzi ukeneye. Zimwe muri izo ntonde zishobora kuba zivuga:

- Abarwayi barwaye indwara y’igisukari batigeze basuzumwa amaso mu mwaka uheze,
- Abagore batigeze bapimwa mu gitereko canke mw’ibere mu minsi iheze,
- Abana batari ku gihe mu nchandago,
- Imiti ishobora kugira ingaruka mbi iyo ivanzwe n’iyindi miti, kandi
- Abana bari inyuma mu bipimo vyabo bisanzwe.



Ikigo c’amagara y’abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y’umusobanuzi ku buntu hamwe n’izindi ntunganyo.

Urwandiko rwo kumenyesha ibikorwa vy'ibanga

Wararonse ikete rivuga ko wujuje amategeko y'imigambi yacu. Ryari rifise kandi ikopi y'urwandiko rwo kumenyesha ibikorwa vy'ibanga. Amategeko ya Leta, yitwa HIPAA, avuga ko dutegerezwa kuguha urwo rwandiko. Urwo rwandiko rukumenyesha uburenganzira bwawe bwo kubahiriza amabanga y'ubuzima bwawe. Ruravuga uburyo amakuru y'amagara yawe ashobora gukoreshwa canke guhanahanwa. Urakeneye iyindi kopi y'urwo rwandiko? Hamagara abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427** hanyuma ubaze. **CANKE** urashobora kubibona ku [rubuga ngurukanabumenyi](#).

Urumva ko amakuru yawe atabitswe mw'ibanga? Hamagara uwushinzwe amabanga muri AHS kuri **802-241-2234**. **CANKE** ujgende [ku rupapuro rwo kwitwarira amakuru y'amagara](#).

Umugambi wo kugenzura ubuziranenge

Uwu ni umugambi wo kumenya neza ko uronka ubuvuzi bwiza na serivisi nziza.

Bimwe mu bintu turaba kugirango tumenye neza ni:

- Abarwayi bakoresha imiti ingana gute,
- Ni abanywanyi bangahe bitabwaho buri gihe kugirango bakingirwe ingwara,
- Ni abanywanyi bangahe bakoresha icumba cihutirwa mu gihe **atar**i ivyihutirwa,
- Ni gute abavura ku mubiri no mu mutwe bakorera hamwe,
- Abanywanyi n'abatanga serivisi banezererewe gute imigambi yacu.

Turasaba abaganga gukurikiza amabwiriza meza ku ndwara zimwe zimwe zidakira. Ibi birashobora gutuma ugira amagara meza.

Hoba hariho inzira twashobora guteza imbere imigambi yacu no kugirango iyawe ikore neza kuri wewe? Hamagara abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**. Ivyiyumviro vyawe bizoba biri mw'isuzuma ry'ingene ibintu bikorwa neza.

Ico gukora mu gihe utemeye ingingo twafashe

Urashobora kwunguruza. Ibi bisigura ko usaba ko umuntu yihweza ikibazo cawe. Bazogenzura nimba twakoze amakosa. Guma usoma kugirango umenye vyinshi.

Hitamwo ico wunguruza.

- Uriko wunguruza kubera kuriha ubwishingizi?
- **CANKE** uriko wunguruza kugirango urabe ko woronka kandi ukagumana
 - Medicaid/Dr. Dynasaur,
 - VPharm, canke
 - Umugambi wa Medicare wo kuziganya?

Nimba ari ego, raba ngaha muni "Nimba utemera ingingo yacu yuko wemerewe."

- Uriko urunguruza kubera Medicaid/Dr. Dynasaur batarishe serivisi?



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca
Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

- **Nimba ari ego**, raba ngaha muni "Nimba utemera ingingo yacu ku vyerekeye serivisi zawe z'amagara."

Mu gihe utemera Ingingo yacu y'uko wemerewe

Saba kwumvirizwa ku rwego rwa Leta. Umuntu ashinzwe kwumviriza mu rwego rushinzwe ingene abantu ababayeho azokwumviriza ikibazo cawe. Bazofata ingingo nimba Medicaid ya Vermont yafashe ingingo nziza.

Ufise iminsi 90 yo gusaba kwumvirizwa ku rwego rwa Leta. Raba ikete rimenyesha ko wankiwe. Iminsi 90 itangura kw'itariki iri kuriryo kete.

Hariho **uburyo 3** bwo gusaba kwumvirizwa ku rwego rwa Leta:

1. **Hamagara** abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**.
2. **Ku buhinga ngurukanabumenyi** ja [rupapuro rwo kwunguruza](#) kuri interineti. Nimba ufise ikonte ya VHC ku rubuga ngurukanabumenyi, urupapuro rwo kwunguruza ruri muri nkonte yawe.
3. **Rungika ikete** ku:
Urwego rushinzwe ingene abantu babayeho
14-16 Baldwin St., 2nd Floor
Montpelier, VT 05633-4301

Mw'ikete canke imeyiri, shirako izina ryawe, itariki wavukiyeko, n'inomero ya terefone. Vuga ico wunguruza n'igituma.

Twarahagaritse Medicaid yawe/Dr. Dynasaur, VPharm canke umugambi wo kuziganya wa Medicare? Urashobora kugumana uburusho bwawe mu kiringo co kwumvirizwa ku rwego rwa Leta. Tuvyita "uburusho bubandanya" Raba **ugumane ubuvuzi mu gihe uriko urunguruza - Ibindi ukeneye umenya biri hano** muni.

Utegerezwa kubisaba mu kiringo c'iminsi 11 uherye ku muni wabimenyesherejweko. **CANKE** imbere yuko hagira ibihindutse, dufatiye ku bizoba bitevye hashoboka. Iminsi 11 itangura ku muni Medicaid ya Vermont ikurungikiye ingingo yayo. Iyi ni itariki ryarungikiyewe. Utegerezwa kuriha ubwishingizi bwawe mu kiringo ukiriko urunguruza. Utabikoze, ubuvuzi bwawe burashobora guhagarara. Kugirango ugume uronka ubuvuzi mu gihe co kwunguruza, hamagara abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**.

Uriko urunguruza kubera amahera angahe y'ubwishingizi? Utegerezwa kuriha ku gihe. Utabikoze, ubwishingizi bwawe burashobora guhagarara. Bigenda gute mu gihe urishe ayarenze? Mu gihe utsinze mu kwumvirizwa ku rwego rwa Leta, tuzoyagusubiza.

Bigenda gute mu gihe usavye kwumvirizwa ku rwego rwa Leta?

Medicaid ya Vermont izosubira yihweze ikibazo cawe. Ibi birashobora kumara iminsi 15. Umuntu ari mu murwi ujejwe kwunguruza mu vyo kwivuza azoganira nawe ku kwunguruza kwawe. Turashobora gukemura ikibazo cawe hatiriwe harabaho kwumvirizwa ku rwego rwa Leta.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Bigenda gute mu gihe **tudashobora** guhindura ingingo twafashe? Aho rero tuzoca tubwira urwego rujejwe ingene abantu babayeho ko ushaka kumvirizwa ku rwego rwa leta. Uzoronka ikete ryabo. Umuntu ashinzwe kwumviriza ni we azofata ingingo ku kibazo cawe. Bazotegura inama yo kwumviriza uruhande rwawe. Bazahitamwo nimba Medicaid ya Vermont yarakoze amakosa. Utegerezwa kwitaba inama. Urashobora kwivugira wewe nyene canke ukagira uwukuvugira.

Bizotwara umwanya ungana gute? Bategerezwa gufata ingingo ku kibazo cawe mu **kiringo c'iminsi 90** uhereye umunsi wungurujye ubwa mbere.

Urakeneye ko hafatwa ingingo yihuta? Tubwire nimba kurindira bizobabaza cane amagara yawe canke ubuzima bwawe. Nimba ukwiye amategeko urashobora kwumvirizwa vuba (vyihuta). Woba uronka Medicaid kubera ko uri impumyi, umugaye, canke ufise imyaka 65 canke irenga? Aho rero tuzoca dufata ingingo **vuba hashoboka**. Woba uronka Medicaid kubera iyindi mvo? Aho rero uzoronka inyishu **mu minsi 7**.

Nimba utemera ingingo yerekeye serivisi zawe z'amagara

Saba kwungururiza imbere

Umuntu muri Vermont Medicaid azokwihweza ikibazo cawe hanyuma afate ingingo nshasha. Azoba ari umuntu atari mu bafashe ingingo ya mbere. Kenshi na kenshi, utegerezwa kubanza kwungururiza imbere. Mu gihe utaravyemera, urashobora gusaba kwumvirizwa ku rwego rwa Leta.

Ufise **iminsi 60** yo gusaba kwungururiza imbere. Iminsi 60 itangura ku munsi Medicaid ya Vermont yakurungikiye urwandiko rukumenyeshya ingingo yafashwe. Umuganga/uwutanga serivisi wawe arashobora gusaba kwunguruza nimba ubishaka.

Hariho uburyo 3 bwo kwungururiza imbere:

1. **Hamagara** abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**. TDD/TTY: 1-888-834-7898
2. **Ku buhinga ngurukanabumenyi: [Amakuru y'abanywanyi n'ukwumvirizwa neza](mailto:Amakuru_y'abanywanyi_n'ukwumvirizwa_neza@vermont.gov) CANKE Imeyiri AHS.DVHAHealthCareAppealsTeam@vermont.gov**
3. **Rungika ikete** ku:

Gisata ca vermont kijejwe amagara y'abantu
Umurwi ujejwe kwunguruza mu vyo kwivuza
150 Pilgrim Park – 3rd Floor
Waterbury, VT 05671-4030

Mw'ikete canke imeyiri, shirako izina ryawe, itariki wavukiyeko, n'inomero ya terefone. Vuga igituma uriko urunguruza. Vuga serivisi wasavye kandi nimba vyaranswe.

Twagabanije canke twahagaritse serivisi zo kwivuza wari usanzwe uronka? Urashobora kugumana serivisi zawe mu kiringo co kwunguruza. Utegerezwa kubisaba imbere y'uko serivisi ihagarara. Tuvyita "uburusho bubandanya" Raba **ugumane ubuvuzi mu gihe uriko urunguruza - ibindi ukeneye umenya biri hano** munsi.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Ni ubuhe buryo bwiza bwo kubandanya uronka serivisi zawe? Hamagara abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**.

Haba iki mu kwungururiza imbere? Vermont Medicaid izotegura inama yo kuronka amakuru menshi. Utegerezwa kwitaba iyi nama. Urashobora kwivugira wewe nyene canke ukagira uwukuvugira. Umuganga wawe/uwuguha serivisi arashobora kuvugana canke agaha amakuru Medicaid ya Vermont.

Kenshi na kenshi, Medicaid ya Vermont itegerezwa gufata ingingo ku kwungururiza kwawe mu kiringo c'iminsi 30. Haba iki usavuye uwundi mwanya? Ubona kurindira uwundi mwanya vyogufasha? Uburorero: Umuganga wawe arakeneye ikindi kiringo co kurungika amakuru. Canke ntushobora gushika mu nama ico gihe. Aho rero birashobora gufata minsi irenga 14. Umwanya muremure ushoboka inyishu ishobora gutwara ni **iminsi 44**.

Urakeneye ko Medicaid ya Vermont ifata ingingo ningoga ku kwungururiza kwawe? Tubwire nimba kurindira bizobabaza cane amagara yawe canke ubuzima bwawe. Medicaid ya Vermont izokwihweza nimba wujuje amategeko yo kwungururiza vyihuta (vyihuse). Ubikoze, uzoronka inyishu **mu masaha 72**. Birashobora gufata igihe kirekire iyo ubisavuye canke birashobora kugufasha. Igihe kirekire ukwungururiza gushobora gufata ni **iminsi 17**.

Urafise uburenganzira bwo kumenya ingene twafashe ingingo ku kwungururiza kwawe.

Urashobora kuronka impapuro, amategeko, n'ibimenyetso twakoresheje. Urashobora kubona ingingo twafashe nimba ivyo wasavuye vyari bikenewe mu buvuzi. Urashobora kuronka ikopi yo ku buntu y'izi mpapuro zose. Mu gusaba ikopi, hamagara abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**.

Urakeneye impanuro mu vy'amategeko canke ubundi bufasha? Urashobora kuronka ubufasha bwo ku buntu mu gisata ca Vermont gifasha mu vy'amategeko. Hamagara Ibiro bijewe guharanira kuvuzwa kuri **1-800-917-7787**. **CANKE** ugende ku [rubuga rwabo](#) ku buhinga ngurukanabumenyi. Uzuza urupapuro.

Mu gihe utemeye ingingo yo kwungururiza imbere

Urashobora gusaba kwumvirizwa ku rwego rwa Leta. Umuntu ashinzwe kwumviriza mu rwego rushinzwe ingene abantu ababayeho azokwumviriza ikibazo cawe. Bazofata ingingo nimba Medicaid ya Vermont yafashe ingingo nziza.

Kenshi na kenshi, kwungururiza imbere niko kubanza guhera. Aho rero urashobora gusaba kwumvirizwa ku rwego rwa Leta. Bigenda gute mu gihe Medicaid ya Vermont idafashe ingingo ku kwungururiza imbere kwawe mu kiringo ntarengwa? Aho rero urashobora gusaba kwumvirizwa ku rwego rwa Leta utabanje kurindira ko hari ingingo ifatwa.

Umwanya muremure kwungururiza imbere kwawe gushobora gufata ni:

- Iminsi 30 ku kwungururiza imbere **CANKE**
- Iminsi 44 nimba wewe canke twebwe twarasavuye ikindi kiringo kuko guteba vyogufasha **CANKE**
- Amasaha 72 yo kwungururiza vyihuta **CANKE**



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

- Iminsi 17 yo kwunguruza vyihuta **nimba** wewe canke twebwe twarasavye ikindi kiringo

Ufise **iminsi 120** yo gusaba kwumvirizwa ku rwego rwa Leta. Iminsi 120 itangura ryari? Hamwe n'itariki kw'ikete rikubwira ingingo yo kwungururiza imbere.

Hariho uburyo 3 bwo gusaba kwumvirizwa ku rwego rwa Leta:

1. Hamagara abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**. TDD/TTY: 1-888-834-7898. **CANKE** uhamagare mu rwego rushinzwe ingene abantu babayeho kuri **802-828-2536**.
2. **Ku buhinga ngurukanabumenyi [ku rubuga rw'urwego rushinzwe ukuntu abantu babayeho](#)**
3. Canke urungike ikete kuri:

Urwego rushinzwe ingene abantu babayeho
14-16 Baldwin St., 2nd Floor
Montpelier, VT 05633-4301

Mw'ikete, shirako izina ryawe, itariki wavukiyeko, n'inomero ya terefone. Vuga igituma uriko urunguruza. Vuga serivisi wasavye kandi nimba vyaranswe.

Twagabanije canke twahagaritse serivisi zo kwivuza wari usanzwe uronka? Urashobora kugumana uburusho bwawe mu kiringo co kwumvirizwa ku rwego rwa Leta. **ARIKO** utegerezwa kubisaba **mu kiringo c'iminsi 11** uherye ku muni wabimenyesherejweko. Iminsi 11 itangura ku muni Medicaid ya Vermont yakurungikiye ingingo yafashe ku kwungururiza kwawe. Woba warumaze gusaba kugumana serivisi zawe mu kiringo co kwungururiza imbere? Utegerezwa gusubira kubaza. Tuvyita "uburusho bubandanya" Raba **ugumane ubuvuzi mu gihe uriko urunguruza - Ibindi ukeneye umenya biri hano** muni.

Ni ubuhe buryo bwiza bwo kubandanya uronka serivisi zawe? Hamagara abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**.

Bigenda gute mu gihe usavye kwumvirizwa ku rwego rwa Leta? Uzaronka ikete rivuye mu rwego rushinzwe ingene abantu babayeho. Umuntu ashinzwe kwumviriza ni we azofata ingingo ku kibazo cawe. Bazotegura inama yo kwumviriza uruhande rwawe. Bazahitamwo nimba Medicaid ya Vermont yarakoze amakosa. Uzotegerezwa kwitaba iyi nama. Urashobora kwivugira wewe nyene canke ukagira uwukuvugira.

Bizotwara igihe kingana gute kugira ngo uronke ingingo ku kwumvirizwa kwawe ku rwego rwa Leta? Urwego rushinzwe ingene abantu babayeho rutegerezwa gufata ingingo ku kibazo cawe **mu kiringo c'iminsi 90**. Iminsi 90 itangura ku muni wasabiyeko ubwa mbere kwungururiza imbere. Iminsi wafashe yo gusaba kwumvirizwa inyuma y'ingingo yo kunguruza **ntiharurwa**.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serivise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Urakeneye ko hafatwa ingingo yihuta? Tubwire nimba kurindira bizobabaza cane amagara yawe canke ubuzima bwawe. Urakwije amategeko yo kwumvirizwa ningoga ku rwego rwa Leta? Aho rero uzoronka ingingo **mu minsi 3 y'akazi**.

Kugumana buvuzi mu kiringo uriko urunguruza - ibindi bintu keneye kumenya

- Ni wewe nyene wirihiye serivisi? Mu gihe wotsinda mu kwunguruza canke kwumvirizwa, turashobora kugusubiza amafaranga.
- Waragumanye serivisi zawe mu kiringo co kwunguruza? Mu gihe wotsindwa, **urashobora** kuriha serivisi waronse mu kiringo co kwunguruza.
- Uriko urasaba kwunguruza canke kwumvirizwa? Muri ico gihe nyene, urashobora gusaba kugumana serivisi kugeza birangiye.
- Kwunguruza canke kwumvirizwa vyerekeye serivisi yahagaritswe canke yagabanijwe? Yahagaritswe canke yagabanijwe kubera impinduka yabaye mu mategeko ya Leta canke y'igihugu? Nimba bimeze gutyo, **ntushobora** kugumana serivisi mu kiringo co kwunguruza canke co kwumvirizwa.

Urakeneye impanuro mu vy'amategeko canke ubundi bufasha ku kwunguruza kwawe?

Urashobora kuronka ubufasha **bwo ku buntu** mu gisata ca Vermont gifasha mu vy'amategeko. Hamagara Ibiro vyabo bijejwe guharanira kuvuzwa kuri **1-800-917-7787**. **CANKE** ugende ku [rubuga rwabo](#) ku buhinga ngurukanabumenyi. Uzuza urupapuro.

Ubundi bwoko bw'ibibazo bijanye na serivisi z'amagara - urashobora gutanga ikirego

Ntunzerejwe n'ikibanza canke igihe utegerezwa kugenda kurondera serivisi? Woba wibaza ko serivisi zawe atari nziza bihagije? Woba waragiriwe nabi inyuma yo gukoresha uburenganzira bwawe? Hariho ibintu **udashobora kwunguruzako**. Urashobora kwitwara vyitwa **ikirego**. Urashobora kugitanga igihe ico arico cose mu guhamagara kuri **1-800-250-8427**.

Bigenda gute mu gihe utashimiye uburyo ibirego vyawe biriko birihwezwa? Urashobora gusaba ko **ikirego gisubirwamwo**. Umuntu atakemuye ibirego vyawe azosubira kwihweza ikibazo cawe. Bazokwihweza nimba vyakozwe mu butungane. Uzoronka ikete rivuga ingingo bafashe.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Urakeneye ubufasha?

Ikigo co gufasha abanywanyi ca Vermont Health Connect, Green Mountain Care

Vermont Health Connect na Green Mountain Care iri aha kugirango igufashe. Barashobora kwishura ibibazo vyerekeye umugambi wawe. Barashobora kugufasha guhitamwo canke guhindura umuganga wawe / PCP. Barashobora kugufasha mu gihe ufise ibibazo vyo kwivuza.

Abafasha abanywanyi barakora kuva isaha 2:00 zo mu gitondo gushika isaha 10:30 zo ku mugoroba, kuva ku wa mbere gushika ku wa gatanu. Tuba twugaye ku minsi y'akaruhuko. Hamagara **1-800-250-8427** canke TDD 1-888-834-7898.

Utegerezwa kumenyesha ivyahindutse mu minsi 10 kuva bibaye:

- Impinduka zabaye mu mafaranga winjiza canke mu muryango;
- Guhindura aho uba;
- Ivuka canke kurera abana utavyaye;
- Urupfu, n'
- Ubundi bwishingizi bw'amagara ufise.

Ibiro bijewe guharanira kuvuzwa(HCA)

Ibiro bijewe guharanira kuvuzwa bifasha mu bibazo vy'amagara. Barashobora kandi kugufasha mu birego, mu kwunguruza hamwe no kumvirizwa. Hamagara kuri **1-800-917-7787**.

Ayandi makuru

Turi n'umunezero wo kumenyesha abanywanyi imigambi yacu, serivisi, n'abatanga serivisi. Soma kano gatabo kigisha ingene ibintu bikorwa. Canke uhamagare abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**. **CANKE** ugende kuri [ku rubuga DVHA](#).

Iyindi migambi

Hariho iyindi migambi na serivisi ku bana, abantu bakuze, n'imiryango. Imigambi imwe imwe izogushikana kuri serivisi zabo. Menya ibindi vyinshi mu guhamagara abafasha abanywanyi kuri **1-800-250-8427**. Utegerezwa kubahiriza ayandi mategeko kugirango uronke imigambi imwe imwe. Woba ufise ibibazo canke ukeneye kumenya nimba ukurikiza amategeko? Hamagara umugambi ushaka. Amazina n'inomero zabo biri aho muni.



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Ama serivisi yo ku murango y'abantu bakuze

Serivisi zo ku murango z'abantu bakuze zifasha abantu abageze mu zabukuru n'abakuze bafise ubumuga kuguma mu ngo zabo. Serivisi zo ku murango z'abantu bakuze zikorera mu bigo bikora ku murango. Ni ahantu hizewe abantu bashobora kuronka serivisi z'amagara n'imibereho. Hamagara igisata kijejwe ubumuga, ubusaza, n'ubwigenge mu kubaho kuri **802-241-2401. CANKE** ugende [ku rubuga rwo ku murango rwa serivisi z'abantu bakuze](#).

Umugambi wa serivisi z'abafasha

Uwu mugambi ufasha abantu bakuze bafise ubumuga bakeneye ubufasha bwo ku mubiri hakoreshejwe ibikorwa vya buri muni. Urarondera, ukigisha, ukagenzura, ugategekanya abajewe kwitaho abantu. Hamagara igisata kijejwe ubumuga, ubusaza, n'ubwigenge mu kubaho kuri **802-241-2401. CANKE** ugende ku [rubuga rw'umugambi wa serivisi z'abafasha](#).

Serivisi zerekeye abana (CIS)

Ibi bifasha abagore bibungenge canke bafise inzoya gusa. Bifasha kandi imiryango ifise abana kuva bakivuka kugeza ku myaka itandatu. Bifashisha:

- akazi k'imibereho myiza no gufasha umuryango,
- amagara y'abavyeyi/y'umwana n'ubuvuzi,
- iterambere ry'umwana no gufasha abana gushika ku myaka 3 bafise ingorane zo gukura neza,
- amagara yo mu mutwe mu bwana no mu muryango,
- kuvuza abana batoya; n'
- ibindi bintu nko kurya neza; ingorane zo kuvuga niz'ururimi.

Hamagara igisata c'abana, n'imiryango n'iterambere ry'umwana kuri **802-241-3110** canke **1-800-649-2642. CANKE** ugende ku [rubuga rwa serivisi zerekeye abana](#).

Serivisi zerekeye abana - Gutabara hakiri kare (CIS-EI)

Uwu mugambi ni uw'abana bari muni y'imyaka 3 bafise ubumuga. **CANKE** abana bari inyuma y'abandi ufatiye ku myaka yabo. Ufasha inzoya, abana bato n'imiryango. Hamagara urunani rw'imiryango yo muri Vermont kuri **1-800-800-4005**.

Serivisi yihariye yo kwitaho abana

Serivisi yo kwitaho abana ni serivisi ya Medicaid ku bantu bafise muni y'imyaka 21. Bategerezwa kuba bafise ubumuga bukomere bw'igihe kirekire canke ikibazo c'amagara. Bategerezwa kuba bibabuzwa gukora ibintu abantu b'imyaka yiwe bategerezwa kuba bakora. Bategerezwa kuba bubabuzwa gukora ibikorwa vyo mu buzima bwa muni yose, nko kurya, kwambara, kwijana mu bwihereho bonyene. Umugambi ufasha kwitaho abana mu buryo bwihariye. Hamagara **1-800-660-4427** canke **802-863-7338. CANKE** ugende ku [rubuga rwa serivisi yihariye yo kwitaho abana](#).

Amavuriro y'abana bafise ibibazo bidasanze vy'amagara (CSHN)

CSHN irashobora gufasha gutunganya ubuvuzi bw'abana bafise ibibazo bidasanze vy'amagara. Irashobora gufasha muri iyi migambi na serivisi:

Gutunganya ubuvuzi

Serivisi yihariye yo kwitaho abana



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Serivisi ishinzwe gufungura neza
 Umugambi wo gupima abana bakivuka
 Umugambi wo kuvura abana mu buhinga buhanitse
 Umugambi wo gupfupfahaza indwara z'abana
 Umugambi wa Vermont wo kumva no gutabara hakiri kare
 Hamagara kuri **1-800-660-4427** canke **802-863-7338, CANKE** ugende ku rubuga [rw'abana bafise ibibazo bidasanze vy'amagara](#).

Guhitamwo kwitabwaho

Uwu ni umugambi wo kwitaho abantu w'igihe kirekire. Urihira ubuvuzi abantu bashaje baba i Vermont hamwe n'abafise ubumuga bwo ku mubiri. Umugambi ufasha abantu mu bikorwa vya minsi yose. Barashobora kuba i muhira, mu nzu iteye imbere yo kubamwo, canke mu nzu ibamwo abageze mu zabukuru. Abatanga serivisi ni:

- Ibigo vyo ku murango vyo kwitaho abantu bakuze
- Ibigo vy'akarere vyerekeye ubusaza
- Amazu afasha abantu kubaho
- Ibigo bivurira abantu i muhira
- Inyubakwa zo kuvuriramwo
- Inzu ibamwo abageze mu zabukuru

Hamagara kuri **802-241-0294. CANKE** uje [ku rubuga kugira uhitamwo ubuvuzi](#).

Serivisi zerekeye abantu bafise ubumuga bwo mu mutwe

Bafasha abantu b'imyaka yose bafise ubumuga bwo mu mutwe. Babafasha kuguma baba i muhira hamwe n'imiryango yabo. Serivisi zirimwo gutunganya ibibazo, serivisi z'akazi, imfashanyo z'abanyagihugu, no kuruhuka. Kuruhuka biravura mu gihe imiryango ironka akaruhuko gato. Hamagara igisata kijejwe ubumuga, ubusaza, n'ubwigenge mu kubaho kuri **802-241-0304. CANKE** ugende ku [rubuga rwa serivisi zerekeye abantu bafise ubumuga bwo mu mutwe](#).

Umugambi wo gutanga imfashanyo z'amamafaranga

Bafasha imiryango kuriha igiciro c'ubuvuzi bw'umwana wabo ubwishingizi butariha. Serivisi zitegerezwa kuba zaranditswe canke zaremejwe n'ivuriro ry'abana bafise ibibazo bidasanze vy'amagara. Hamagara mu gisata ca Vermont c'amagara y'abantu kuri **1-800-660-4427** canke **802-863-7338. CANKE** ugende kuri [runo rubuga](#) ku yandi makuru.

Gufasha umuryango mu buryo bworoshe

Bino vyerekeye abantu b'imyaka yose bafise ubumuga bwo mu mutwe babana n'imiryango yabo. **CANKE** imiryango ibana ikongera igafasha umuntu wo mu muryango afise ubumuga bwo mu mutwe. Imiryango irahitamwo serivisi ayo amafaranga azoriha. Hamagara igisata kijejwe ubumuga, ubusaza, n'ubwigenge mu kubaho kuri **802-241-0304. CANKE** ugende ku [rubuga rwo gufasha umuryango mu buryo bworoshe](#).



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

Kuvura mu buhinga buhanitse

Uwu ni umugambi wo kuvurira i muhira n'inguvu nyinshi. Ugenewe abantu bakeneye ubuhinga kugirango babeho canke bafise ibibazo vy'ubuvuzi bigoye. Umugambi urafasha abantu kuva mu bitaro canke ikigo bakaja i muhira. Ku bantu **barenza imyaka 21**, hamagara igisata kijejwe ubumuga, ubusaza, n'ubwigenge mu kubaho kuri **802-241-0294**. **CANKE** ugende ku [rubuga rwo kuvura abantu bakuze mu buhinga buhanitse](#).

Ku bantu bafise **munsi y'imyaka 21**, hamagara umugambi wo kuvurira abana i muhira mu buhinga bwanone. Hamagara kuri **1-800-660-4427** canke **802-863-7338**. **CANKE** ugende ku [rubuga rwo kuvurira abana i muhira mu buhinga bwa none](#).

Abatanga serivisi zo muhira

Ibi bifasha abantu bafise imyaka 18 n'iyirenga bafise ubumuga. Uwu mugambi ufasha mu vyo umuntu akeneye canke ibikorwa vyo mu rugo kugirango abantu bashobore kuba muhira iwabo. Serivisi zirimwo gusuma, gukora isuku, no kumesa. Hamagara igisata kijejwe ubumuga, ubusaza, n'ubwigenge mu kubaho kuri **802-241-0294**. **CANKE** ugende ku [rubuga rw'abatanga serivisi zo muhira](#).

Imigambi ya Hub na Spoke

Uburyo bwa Hub na Spoke bwo kuvura indwara zifatye ku gukoresha imiti yo kuvura ububabare (OUD) bwateguwe kugirango habeho uburyo buri hagati y'ivyo bintu vyompi aho imiti yo kuvura indwara zifatye ku gukoresha imiti yo kuvura ububabare (MOUD) itangwa mu guhuza ibikorwa vyo kuvura MOUD hakoreshejwe serivisi zagutse z'amagara y'abantu n'imibereho. Ibice bibiri vya MOUD ni: "Umugambi wo kuvuza imiti igabanya ububabare (OTPs)" izwi muri Vermont nka Hubs, aho imiti itangwa kandi abarwayi bagashobora kuboneka buri munsi mu gihe hibonekeje isano rinini; na Spokes ni "Uburyo bwo kuvuza imiti igabanya ububabare mu biro (OBOT)" aho imiti yandikwa kandi abarwayi ntibaboneke kenshi. Serivisi zirimwo imiti, gusuzuma ibifatirwako mu vy'amagara y'abantu no mu mibereho, nk'uburaro no kuronka imfungurwa. Muri Hub na Spokes, abaremeshakiyago, abashinzwe ibibazo n'abaganga baratanze impanuro n'ubuvuzi bikorewe hamwe kugirango bahuze kandi batange ubuvuzi bwagutse ku muntu. Ingorane zisanze canke nkeya ku bibazo vyo kwizizirwa n'ibiyayuramutwe birashobora kuvurwa muri Spokes ari ibiro vy'abaganga ba kera canke amavuriro yanonosoye kuvura ibiyayuramutwe. Kuvugana n'uwurongoye MOUD ashobora kuboneka uciyeku rupapuro [rwo guhanahana amakuru](#). Ku makuru yose, ikigo ca Vermont gifasha abantu biziziwe n'inzoga n'ibiyayuramutwe urashobora kubibona ugiye kuri [runo rubuga](#).

Umugambi wa Vermont wo kwumva no gutabara hakiri kare

Ibi bitanga imfashanyo, inyigisho no kwitaho imiryango hamwe n'abana babo, hamwe n'abatanga serivisi mu banyagihugu. Bafasha mu kurondera ahantu ho kwipimishiriza na serivisi zo gutabara hakiri kare. Hamagara kuri **1-800-537-0076** canke **802-651-1872**. **CANKE** ugende ku [rubuga umugambi wa Vermont wo kwumva no gutabara hakiri kare](#).

Amagara yo mu mutwe

Leta ya Vermont ikorana n'inzego zo hirya n'ino mu gihugu. Inzego zitanga serivisi z'amagara yo mu mutwe zifasha abantu n'imiryango yabo. Ibi birashobora kuba ari amarangamutima menshi, indwara zo mu mutwe, canke ibibazo bikomeye bijanye



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.

n'inyifato. Barashobora kandi gufasha kurondera ubuvuzi bwo muhira, ibitanda vyihutirwa, hamwe no kuvurirwa mu bitaro. Hamagara igisata c' amagara yo mu mutwe kuri **802-241-0090. CANKE** ugende ku [rubuga rw'amagara yo mu mutwe](#). Serivisi zirimwo:

- Serivisi zo kuvura abantu bakuze bivuza bataha - Serivisi zishobora kubamwo gusuzuma, gutanga impanuro, kwandika imiti no gukurikirana. Harashobora kubamwo serivisi ku bantu bafise imyaka 60 canke irenga bakeneye ubuvuzi bwo mu mutwe. Urashobora gushirwa ku rutonde.
- Serivisi z'umwana, imiyabaga, n'imiryango - Iyi serivisi kandi ifasha imiryango ifise abana canke imiyabaga bafise ibibazo vyo mu mutwe. Babafasha kubaho, kwiga, no gukura bafise amagara meza mw'ishure ryabo, ndetse no mu kibano. Serivisi zirimwo gupima, gukinga, imfashanyo z'abanyagiguhu, kuvura, gutanga impanuro, no gutabara vyihutirwa.
- Kunagura no kuvura abanyagihugu - Uwu mugambi ufasha abantu kuba mu miryango yabo, abagenzi, ndetse n'ababanyi. Serivisi ni iy'abantu bakuze bafise indwara zimwe zimwe zo mu mutwe zikomeye. Bategerezwa kandi kubahiriza ayandi mategeko.
- Serivisi zihutirwa - **Ibi ni serivisi zihutirwa z'amagara yo mu mutwe.** Baba buguruye amasaha **24 ku munsu, iminsi 7 ku ndwi.** Serivisi zirashobora kubamwo imfashanyo ya terefone, kuvugana imbona nkubonegusubiramwo, no kubonana na bantu.

Umugambi w'isinzikara ryo mu bwonko

Ibi bifasha abantu bafise imyaka 16 canke irenga bafise igikomere co mu bwonko gisanzwe gushika ku gikomeye. Bifasha abantu gutaha bava mu bitaro no mu mavuriro. Ufasha abantu kwigenga uko bishoboka kwose no gusubira ku kazi. Hamagara igisata kijejwe ubumuga, ubusaza, n'ubwigenge mu kubaho kuri **802-241-0294. CANKE** ugende [ku rubuga rw'umugambi w'isinzikara ryo mu bwonko](#).

Umugambi werekeye abagore, inzoya n'abana (WIC)

Uwu ni umugambi wo kugaburira inzoya n'abana kugeza ku myaka 5. Werekeye kandi abantu bibungenze canke bafise inzoya. Urabaha ibifungurwa vyiza kandi ukabigisha ku vyerekeye kurya neza no kwonsa. Umuntu wese ari muri Medicaid arashobora kuronka umugambi wa WIC. Ja ku [rubuga wic](#). **CANKE** wandike VTWIC kuri **855-11**.

Menya ibindi ku vyerekeye ubufasha mu karere ubamwo ku [rubuga 211](#).



Ikigo c'amagara y'abantu Green Mountain ca
Hamagara abafasha abanywanyi

Ibibazo: Hamagara kuri 1-800-250-8427 (TDD/TTY) 1-888-834-7898

Urashobora kandi kuronka serevise y'umusobanuzi ku buntu hamwe n'izindi ntunganyo.